



Pou Piblikasyon Imedya: 03/07/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 55 MILYON DOLA POU ESTOKAJ ENÈJI - KI ENKLI
PWOJÈ ESTOKAJ KOMÈSYAL AK REZIDANSYÈL YO - NAN LONG ISLAND**

***Kolaborasyon ant NYSERDA ak PSEG-LI pou Sipòte Deplwaman Estokaj Enèji
Solè Plis yo***

***Li Fè Vanse Pwogrè pou Rive Atenn Objektif New York Genyen an Pou Gen 3,000
Megawat Estokaj Enèji apati 2030***

***Li Sipòte Nouvo Akò Ekolojik Gouvènè Cuomo a - Yon Pwogram Enèji Pwòp ak
Travay Ki Se Lidè nan Nasyon an Ki ap Mete New York sou Wout Pou Vin San
Kabòn***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a 55 milyon dola pou estokaj enèji ki enkli pwojè estokaj komèsyal ak rezidansyèl yo nan Long Island. Yo pral lanse pwogram sa a ak yon distribisyon inisyèl prèske 15 milyon dola nan rekonpans ki soti nan Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York lan (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA). Pwojè estokaj enèji ki sipòte pa inisyativ Long Island lan pral fè vanse pwogrè pou rive atenn objektif New York genyen an pou gen 3,000 megawat estokaj enèji ki deplwaye apati 2030 - ki se ekivalan a bay kouran a 40 pousan kay New York yo. Anons jodi a sipòte Nouvo Akò Ekolojik Gouvènè Cuomo a - ki se yon pwogram travay nan enèji pwòp ki ap mennen nan nasyon an ki ap mete New York sou wout netralite kabòn.

"Ak objektif enèji pwòp nou yo ki ap mennen nan nasyon an ak estrateji agresif nou an pou konbat chanjman klimatik yo, New York kontinye bay egzanp lidèchip sou klima a pou lòt eta yo nan peyi a swiv", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Rekonpans sa yo pou estokaj enèji pral ede moun Long Island yo devlope ekonomi enèji pwòp yo epi kreye travay pandan ke yo ap amelyore tou rezistans rezo a fas a evènman metewo ekstrèm ki rive pi souvan yo."

15 milyon dola ke yo te angaje jodi a disponib imedyatman pou abitan ak biznis Long Island yo pou pwojè komèsyal ak rezidansyèl yo atravè Pwogram Rekonpans pou Estokaj Enèji An Detay (Retail Energy Storage Incentive Program) NYSERDA a. Rès fon yo, ki totalize anviwon 55 milyon dola, pral distribiye pandan twa a senk pwochen ane yo epi yo sible yon fason pou ka redwi depans yo epi devlope mache a pou teknoloji enèji pwòp sa yo. Rekonpans ke yo te bay jodi a pral sipòte estokaj enèji ki enstale nan espas kliyan yo pou sistèm otonòm yo oswa sistèm ki konbine ak enèji solè yo.

"Pandan ke nou ap travay pou konbat chanjman klimatik yo epi transfòme rezo nou an, Long Island pral jwe yon wòl enpòtan nan avni enèjetik nou", **Gouvènè Adjwen Kathy**

Hochul te deklare. "Finansman konsiderab sa a pou pwojè estokaj enèji yo pral konplemanste investisman nou yo nan enèji ewolyèn ak solè yo, sa ki ap pèmèt nou atenn objektif enèji pwòp anbisyè nou yo. Nou konnen anviwònman nou an ap fè fas yon menas ki ap kontinye, epi travay nou yo jodi a pral kreye yon avni ki pi briyan pou jenerasyon ki gen pou vini yo."

Pandan ke resous enèji renouvlab yo, tankou enèji ewolyèn ak solè, ap ogmante atravè Eta a, estokaj enèji yo pral ede ranfòse efikasite rezo elektrik lan nan objektif pou ka maksimize avantaj resous enèji renouvlab sa yo. Sistèm estokaj enèji yo pral pèmèt New York tou reponn a pi gwo demann kouran li yo pandan ke yo ap redwi depandans sou ansyen izin ki mwens efikas ki ap jenere kabiran fosil yo.

Finansman an aktyèlman disponib nan de kategori nou pral site la yo:

Rekonpans Komèsyal

Pwogram Rekonpans pou Estokaj Enèji An Detay NYSERDA a pral sipòte nouvo sistèm estokaj enèji ki konekte ak rezo a jiska senk megawat koneksyon kouran altènatif (Alternating Current, AC) ki sitiye swa ak chaj dèyè mèt yo oswa ki konekte dirèkteman ak sistèm distribisyon an. Premye gwoup rekonpans yo pral ofri 250 dola pa kilowat pa èdtan estokaj enèji ki enstale. Sistèm estokaj enèji ki kalifye yo gen pami yo sistèm chimik, tèmik, oswa mekanik yo ki konpanse nan program soulajman tarif oswa chaj Sèvis Piblik Elektrik ak Gaz Long Island (Public Service Electric and Gas Long Island, PSEG-LI). Yo ka enstale sistèm ki kalifye yo poukont yo oswa an koup ak jenerasyon sou plas yo tankou enèji solè.

Rekonpans Rezidansyèl

NYSERDA ak PSEG-LI ap tou lanse konjwentman yon pwogram estokaj enèji solè plis ki ap bay nouvo pwojè nan Long Island ak yon rekonpans estokaj alavans atravè Pwogram NY-Sun NYSERDA a ansanm ak konpansasyon adisyonèl atravè [tarif Jesyon Chaj Dinamik \(Dynamic Load Management, DLM\)](#) PSEG-LI a. Tarif DLM lan ap peye kliyan yo pou yo redwi kantite elektrisite ke yo te itilize nan rezo elektrik la pandan orè lè gen pi gwo demann kouran yo. NY-Sun pral inisyelman pibliye de gwoup rekonpans pou nouvo sistèm estokaj enèji solè plis rezidansyèl kòmanse a 250 dola pa kilowat pa èdtan estokaj enèji ki enstale yo, epi apre desann a 220 dola pa kilowat pa èdtan.

Alicia Barton, Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral NYSERDA, te deklare, "Pandan ke yo ap pote plis resous renouvlab sou mache a atravè Eta a, estokaj enèji yo pral amelyore efikasite rezo a pou pi byen entegre resous tankou enèji solè pandan ke yo ap bay abitan ak biznis yo yon sistèm enèji ki pi pwòp, ki pi fyab. Anons jodi a ap ranfòse pozisyon Long Island antan ke youn nan mache enèji pwòp ki ap mennen yo nan New York, epi fè Eta a vanse pi pre pou rive atenn objektif estokaj enèji 3,000 megawat apati 2030 Gouvènè Cuomo a".

Nan vize rekonpans pou pwojè ki ap konbine teknoloji enèji solè ak teknoloji estokaj enèji yo sa pral non sèlman ede kontinye bese pri yo, men tou yo pral ede kliyan rezidansyèl yo wè valè ki genyen nan retire kabòn nan rezo a epi amelyore rezistans li. Ak prèske 14,000 pwojè solè nan Long Island, ki ap totalize plis pase 111 megawat,

chanjman fokus nan pwogram ki ap sipòte konbinezon teknoloji enèji solè ak teknoloji estokaj enèji yo pral sipòte pi plis transfòmasyon mache enèji pwòp Long Island lan. Jodi a, Long Island se lakay yon mache solè ki mati epi li te pran devan nan New York nan jenere yon modèl ki otosifizan pou enèji solè rezidansyèl.

Senatè Kevin Parker, Prezidan Komite sou Enèji ak Telekomunikasyon Sena (Senate Energy and Telecommunications Committee), te deklare, "Pandan ke Eta nou an kontinye ajoute sou objektif enèji pwòp nou yo, li enpòtan pou nou pran mezi vital sa yo, tankou investi nan estokaj enèji, nan objektif pou akonpli plan bazik nou genyen pou konbat chanjman klimatik yo, epi asire yon avni enèji pwòp pou Eta nou an. Mwen bat bravo pou Gouvènè Cuomo poutèt li ap fè investisman sa a, pandan ke nou ap kontinye travay ak dilijans pou atenn objektif ki etabli nan Nouvo Akò Ekolojik Eta New York la".

"Kreyasyon yon ekonomi ki san kabòn ki ap benefisye a kontribiyab Long Island yo sa esansyèl ak pwogram sibvansyon sa a - yon patenarya ak NYSERDA ak Gouvènè Andrew M. Cuomo - priyoreze yon investisman nan devlopman enèji pwòp nan Long Island", **Senatè Todd Kaminsky, ki se Prezidan Komite Konsèvasyon Anviwònmanal Sena a (Senate Environmental Conservation Committee), te deklare.** "Nou pral kontinye travay an patenarya pou pwoteje planèt nou an atravè mezi pwogresif, ki agresif."

Manm Asanble a Steve Englebright, ki se Prezidan Komite Konsèvasyon Anviwònmanal Asanble a (Assembly Environmental Conservation Committee) te deklare, "Rekonpanse pwojè estokaj enèji yo nan Long Island se yon etap ki nesè nan objektif pou devlope kapasite resous renouvlab nou. Sa pral ede redwi depandans nou sou kabiran fosil yo, estabilize fakti kouran yo pou kontribiyab yo, epi redwi degajman gaz a efè sèr yo. Mwen bat bravo pou Gouvènè Cuomo poutèt inisyativ sa a epi mwen espere jwenn plis pwopozisyon ki pral asire ke Eta New York ap pran devan nan chanjman klimatik yo".

Dan Eichhorn, Prezidan ak Direktè Operasyon PSEG Long Island, te deklare, "Eta New York ap vin yon lidè nasyonal nan estokaj batri. Finansman sa a sipòte rezo elektrik Long Island ki ap modènize ak nouvèl teknoloji ki pral ede PSEG Long Island akonpli objektif pwòp anbisyè New York yo. Mwen bat bravo pou Gouvènè a poutèt angajman inebranlab li pran anvè ekonomi enèji pwòp Long Island ak New York".

Rekonpans estokaj enèji nan Long Island sa yo ap ajoute sou 280 milyon dola nan rekonpans ke Gouvènè Cuomo [te anonse](#) an Avril nan kad yon investisman 400 milyon dola pou akonpli objektif estokaj enèji New York ki ap mennen nan nasyon an, ak yon angajman 250 milyon dola ke Otorite Enèji New York la (New York Power Authority, NYPA) te bay an Desanm pou akselere fleksibilite rezo elektrik la apati kolaborasyon nan [pwojè estokaj enèji a gran echèl yo](#) epi abòde pwoblèm baryè sou mache a ak baryè finansye yo. Anons jodi a se dènye nan yon seri mezi Gouvènè Cuomo te pran pou akselere sektè estokaj enèji a nan Eta New York depi apre piblikasyon Fèy Wout Estokaj Enèji New York lan nan mwa Jen pase a.

An Desanm 2018, Komisyon Sèvis Piblik (Public Service Commission, PSC) New York lan te apwouve [Dekrè Estokaj Enèji](#) li an ki ap adopte objektif Gouvènè Cuomo genyen

pou gen 1,500 megawat estokaj enèji apati 2025, epi etabli yon objektif 3,000 megawat apati 2030, ke yo prevwa pral bay plis pase 3 milya dola nan avantaj pou moun New York yo epi evite de milyon tòn metrik degajman dyoksid kabòn. Objektif sa yo montre klèman ke estokaj enèji yo pral kontinye rete yon pati kle nan efò ke New York ap fè pou akonpli objektif anbisyè li yo jan yo mande yo nan Nouvo Akò Ekolojik Gouvènè Cuomo a.

Nouvo Akò Ekolojik Eta New York la

Nouvo Akò Ekolojik Gouvènè Andrew M. Cuomo a se pwogram chanjman klimatik ki pi agresif nan nasyon an epi li ap mete Eta a sou yon wout pou vin totalman san kabòn atravè tout sektè nan ekonomi, ki enkli jenerasyon kouran, transpò, batiman, endistri ak agrikilti. Pwogram Gouvènè a ap etabli tou yon objektif pou akonpli yon sistèm elektrik ki san degajman kabòn apati 2040, pi rapid pase nenpòt lòt eta nan nasyon an. Lwa sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Kominotè a (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA) ke yo te adopte resamman egzije divès nan objektif enèji pwòp anbisyè ki nan Nouvo Akò Ekolojik Gouvènè a: enstale nèf jigawat enèji ewolyèn sou zòn kot yo apati 2035; sis jigawat enèji solè ki distribiye apati 2025 ak twa jigawat estokaj enèji apati 2030. CLCPA a mande tou pou fè yon tranzisyon ki òdone epi ki ekitab pou ale nan enèji pwòp yo, sa ki ap kreye travay pandan ke li ap favorize yon ekonomi ekolojik. Li ap ajoute sou ogmantasyon enèji pwòp san presedan New York yo ki gen ladan envestisman 2.9 milya dola nan 46 pwojè enèji renouvlab a gran echèl yo atravè Eta a, kreyasyon plis pase 150,000 pòs travay nan sektè enèji pwòp New York la, ak 1,700% kwasans nan sektè enèji solè ki distribiye a depi 2012. CLCPA pase enstwiksyon tou pou ajans ak otorite Eta New York yo travay an kolaborasyon ak pati ki konsène yo pou devlope yon plan pou redwi degajman gaz a efè sèr yo a 85% soti nan nivo ane 1990 yo apati 2050, epi travay pou atenn yon objektif pou envesti 40 pousan nan resous enèji pwòp ak efikasite enèjetik yo pou benefisyè a kominote ki dezavantaje yo.

###

Lèt nouvel disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)